STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 31 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FRÈ KONPANSASYON PATWON PEYE POU ANPWAYE NAN KA AKSIDAN PRAL GEN YON BÈS $45 MILYON

Sa Make Dezyèm Ane Youn Dèyè Lòt Ekonomi pou Patwon Prive ak Piblik tankou Minisipalite ak Distri Lekòl

Business Relief Act 2013 la Koupe Frè Sistèm lan pou Patwon nan yon Total 30% sou De Lane ki sot pase yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse pousantaj patwon peye sistèm konpansasyon pou anpwaye nan ka aksidan Eta a ap bese ankò, nan lane 2015, sa kap pral kreye ekonomi pou tout patwon pou yon total $45 milyon. Ekonomi yo se yon rezilta direk Business Relief Act 2013 Gouvènè Cuomo te vote lane pase a epi yo koupe pousantaj kotizasyon patwon nan yon total 30 pousan sou de lane ki sot pase yo.

“Bese depans pou moun fè biznis nan New York se premye priyorite administrasyon sa epi mwen fyè pou m anonse refòm nou yo nan Sistèm Konpansasyon pou Travayè nan Ka Akisan bese pousantaj pou dezyèm lane swivi,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Se yon lòt mwayen anplis pou nou amelyore klima ekonomik la nan New York epi fè eta sa tounen yon kote biznis ka devlope, pwospere epi kreye dyòb.”

Nouvo metòd kotizasyon an ak lòt ekonomi ki te enplemante nan lane 2014 yo te bay $170 milyon ekonomi sou plan administrasyon, kote $18 milyon benefisye direkteman patwon piblik New York tankou minisipalite ak distri lekòl. Ekonomi yo aplike pou lane 2015, sa fè pousantaj evalyasyon an bese nan 13.2 pousan soti 13.8 pousan, dezyèm bès la pou yon dezyèm ane swivi.

Business Relief Act la Gouvènè a te vote nan kad Bidjè 2013-2014 la te fikse nòm epi korije pwosesis kotizasyon depaman ak twò ansyen ki egziste anvan. Kounye a, tout patwon yo chaje dapre menm metodoloji a, sa kap mennen nan yon to kotizasyon pi ba pou tout patwon New York.

Konsèy Konpansasyon pou Travayè nan Ka Aksidan an ap kontinye veye pou egzijans lalwa fè patwon pou yo peye asirans konpansasyon travayè nan ka aksidan ap agrandi kantite asire yo. Plis ankò, New

York pare pou biznis: kantite moun kap travay nan Eta New York ansanm ak kantite salè total anpwaye te ogmante pandan lane ki sot pase a, sa ki kontribye nan fè pousantaj la bese.

Konsèy Konpansasyon Travayè nan Ka Aksidan twouve l nan mitan yon “transfòmasyon pwosesis komèsyal” pou re-envante sistèm konpasnasyon anpwaye nan ka aksidan. Egzamen detaye sa idantifye premye pwojè ki pral rekreye yon sistèm ki sèvi ak plis efikasite bezwen anpwaye ki blese ak patwon yo, sa kap bay plis ekonomi pou patwon piblik ak prive nan tan kap vini yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride